

STANDAR KOMPETENSI BASA JEUNG SASTRA SUNDA DI TAMAN KANAK-KANAK/RAUDHATUL ATHFAL

Yayat Sudaryat²⁾

1. Pamuka Wacana

Mitembeyan dipakaena Kurikulum Standar Kompetensi (KSK) rampak sa-Indonésia taun 2004. Ari nelahna mah kurikulum basis kompetensi (KBK). Munculna éta kurikulum téh teu bisa leupas tina kahanan kurikulum pendidikan di Indonésia, anu terus barobah geusan ngaluyukeun diri kana robahna kamekaran paélmuhan katut pameredih panéka jaman. Ari robahna kurikulum téh rata-rata antara 6--10 taun (Kurikulum 1968, 1975, 1984, 1994, jeung 2004). Bédana kurikulum téh pangpangna dina lebah titincakanana, nya éta dumasar kana jejer bahan, sistem unit, téma, jeung kompetensi. Kurikulumna teu goréng alias geus hadé, da anu héngkérna mah lebah prakna, praktékna, atawa impleméntasina.

Dina ieu tulisan dipedar perkara program atikan di TK/RA anu patali jeung basa Sunda. Aya hal anu dipidangkeun dina ieu tulisan, nya éta (1) program TK/RA, (2) standar kompetensi basa jeung sastra Sunda di TK/RA, (3) rarambu diajar basa jeung sastra Sunda di TK/RA, sarta (5) pamungkas.

2. Progam TK/RA

Diayakeunana TK/RA dipuseurkeun kana nyusun tatapakan (fondasi) pikeun mekarkeun sikep, kaweruh, kaparigelan, jeung daya cipta luyu jeung tumuwuh katut mekarna murid. TK/RA henteu jadi tahapan pasaratan pikeun asup ka pendidikan di SD.

Tujuan diayakeun TK/RA pikeun ngawewegan kamekaran waruga (fisik), rasa (emosi), jeung kamasarakatan sangkan sayaga dina nincak pendidikan di SD/MI.

Sanggeus rengse miluan program TK/RA, murid mibanda sawatara kamampuh atawa kompetensi kayaning:

- a. Katembong alus mahamna kana diri jeung percaya diri.
- b. Katembong kamampuhna dina cacampuran jeung nu lian atawa alam lingkunganana.
- c. Katembong kamampuhna dina guluyurna mikir.
- d. Bisa komunikasi kalawan meranah tur efektif.
- e. Jadi biasa hirup walagri atawa cageur.
- f. Katembong dewasa warugana.

Kumaha ari adegan atawa struktur kurikulum di TK/RA? Ku didadasaran yen TK/RA mangrupa pendidikan prasakola, anu henteu jadi pasaratan pikeun asup ka SD/MI, struktur kurikulumna oge disebut *Program Kegiatan Diajar*, anu ngawengku tilu widang pamekaran, nya eta:

- (1) mekarkeun moral jeung ajén-inajén agama,
- (2) mekarkeun sosial jeung emosional, sarta
- (3) mekarkeun kamampuh dasar, anu ngawengku makena basa, kaweruh (kognitif), fisik, jeung akademik.

Reana waktu 15 jam (900) menit. Minggu efektifna dina sataun dibagi 2 semester, anu lobana 34 minggu. Rarata jam diajar efektif tiap poena dijatahan 2,5 jam (150 menit).

3. Standar Kompetensi Basa jeung Sastra Sunda di TK/RA

a. Kumaha Standar Kompetensi téh?

Naon ari *kompeténsi* téh? Kompeténsi mangrupa “kamampuh” anu eusina ngawengku kaweruh (kognitif), kamahéran (psikomotor), jeung ajén-inajén (afektif) dasar, anu diébréhkeun (diréfléksikeun) kana kabiasaan mikir jeung milampah. Ari kabiasaan mikir jeung milampah kalawan ajeg (konsisten) tur sinambung (kontinyu) bisa ngawujudkeun siswa jadi mampuh (kompetén) pikeun milampah hiji hal.

KSK mangrupa sapuratina rencana jeung panataan ngeunaan kompetensi jeung hasil diajar anu kudu dihontal ku siswa, meunteun, kagiatan diajar ngajar, jeung mateahkeun sumber daya atikan dina ngamekarkeun kurikulum sakola. Ari KSK téh tujulna atawa oriéntasina kana (1) hasil jeung dampak anu dipiharep muncul di diri siswa ngaliwatan runtuyan kagiatan diajar nu miharti, jeung (2) rupining hal anu diébréhkeun dumasar kana kabutuh.

Kumaha *prinsip-prinsipna* KSK téh? Prinsip-prinsip anu perlu dititinan dina makihikeun KBK, nya éta:

- a) Pangalaman diajar anu saimbang antara:
 - (1) *holistika*: kaimanan, katakwaan, ahlak, moral, jeung budi pekerti luhur;
 - (2) *étika*: sopan santun, tatakrama, soméah, hadé tata hadé basa;
 - (3) *logika*: akal, pikiran, rasio;
 - (4) *éstétika*: kaéndahan rasa, karsa, émosi;
 - (5) *kinestetika*: rengkuh, peta, pasemon, peta-badani/ragawi;
 - (6) *praktika*: prakna, lakuna, jeung latihan.
- b) Ayana kasadaran yén basa Sunda téh bagian penting tina budaya Sunda, sarta budaya daérah bagian tina budaya nasional.
- c) Ayana pangaruh globalisasi dina widang élmu jeung téknologi informasi katut komunikasi (komputer, internét), anu kudu diantisipasi dina wacana.
- d) Ayana kasadaran yén kamampuh pangaweruh jeung kaparigelan basa Sunda nu bener tur merenah bisa dipake nyiar kipayah: “*life skills*”.
- e) Satata dina kasempetan: siswa luhur, tengah-tengah, jeung handap.
- f) Diajar taya watesna, salila hirup (“*long life education*”).
- g) Museur ka siswa (*subject oriented*) bari meunteun sinambung tur kompréhénsif.
- h) Pamarekan gembleng-masagi (*menyeluruh*) jeung mimitran.
- i) Ngukuhan dalitna bangsa (integritas nasional).

KSK kudu bisa méré (1) dasar-dasar pangaweruh (kognitif), (2) kamahéran atawa kaparigelan (psikomotor), jeung (3) sikep nu alus (afektif). Éta tilu aspék téh kudu méré pangalaman nu pikaresepeun ka diri siswa. Ari pangalaman diajar nu pikaresepeun téh, ceuk UNĒSCO, nyoko kana opat pilar, nyaéta:

- (a) diajar mikanyaho (*learning to know*),
- (b) diajar migawé (*learning to do*),
- (c) diajar mibanda (*learning to be*), jeung
- (d) diajar milampah hirup babarengan (*learning to live together*).

Diajar mikanyaho (*learning to know*) diolah dina uteuk (hemisper) katuhu. Kacékasan uteuk (*kecerdasan otak*) ajénna 10%, sésana mah (90%) nyoko kana hal-hal nu patali jeung (*emotional, spiritual, social*) *question*. Anu aya dina uteuk kudu nyambung jeung nu aya dina haté. Naon sababna ka kolot kudu hormat tilawat, lantaran

kolot gedé jasana ka urang. Geura tengetan ieu pupuh Masakumambang, minangka hasil ‘guneman haté jeung pikiran (uteuk)’.

*Hé barudak kudu mikir ti leuleutik,
manéh kahutangan,
ku kolot ti barang lahir,
nepi ka ayeuna pisan.*

Diajar migawé atawa kaparigelan (*learning to do, skill*) nétélakeun yén diajar téh lain ngan semet inget wungkul, dapon apal waé. tapi kudu ngarti tur surti, malah kudu parigel, boh ngucapkeunana boh migawéna. Nya ucap nya lampah (?) Diajar basa, lain keur élmu, tapi keur gaul (komunikasi). Lain diajar tata basa heula, tapi langsung bacéo, torojogan nyarita. Sing nepi ka bisa cas-cés-cos ngawangkong.

Diajar mibanda (*learning to be*) nétélakeun yén kamampuh, kamahéran, jeung batin atawa afektif kudu jadi milikna sorangan. Siswa diajar ngawangun panyangkemna sorangan kalawan rancagé (*students learn best by actively constructing their own understanding*). Ku cara kitu dipiharep siswa bisa asup kana “Gapura Panca waluya”, lima lawang pikeun hirup barina hurip, salamet di dunya jeung di ahérat, nyaéta *cageur, bageur, bener, pinter*, jeung *singer*, tapi henteu *kabalinger*.

Diajar milampah hirup babarengan (*learning to live together*) nyoko kana diajar ngelompok téa. Ku cara ngelompok siswa bisa gawé babarengan, rempug jukung sauyunan, ka cai jadi saleuwi ka darat jadi salebak. Dina diajar sing bisa silih élédan (*sharing*) jeung babaturan. Patali jeung diajar hirup babarengan aya pupuh Pucung anu unina kieu.

*Utamana jalma kudu réa batur,
Keur silih tulungan,
Silih titipkeun nya diri,
Budi akal ngan ukur ti pada jalma.*

Tina opat pilar diajar téh, siswa sing jadi “teuneung jeung ludeung” dina nyorang pakumbuhan. Robah sikepna, tina “sawios abdi mah di pengker”, jadi kudu aya di baris hareup. Sikep ngabaékeun kana diajar lantaran teu boga buku, “atuda teu gaduh artos kanggo mésér buku”, kudu dirobah “sanajan teu gaduh artos, buku mak tetep ngagaleuh”.

b. Kumaha Raraga Standar Kompeténsi Basa jeung Sastra Sunda?

Anu nelah KBK, kiwari mah disebutna *Standar Kompetensi Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda* (disingget SK). Eusina diwangun ku dua bagian, nya eta bubuka jeung eusi. Wincikanana kieu.

a. Bab I Bubuka, anu ngawengku tujuh rupa:

- (1) Rasional,
- (2) Wangenan,
- (3) Fungsi jeung tujuan,
- (5) Standar Kompeténsi Lintas Kurikulum,
- (6) Standar Kompeténsi Lulusan: TK/RA, SD/MI, SMP/MTs, SMA/SMK/MA

b. Bab II Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar, anungawengku:

- A. TK/RA
- B. SD/MI
- C. SMP/MTs.
- D. SMA/SMK/MA

c. Standar Kompetensi Basa jeung Sastra Sunda TK/RA

Standar Kompetensi Basa jeung Sastra Sunda di TK/RA ngawengku (1) standar kompetensi lulusan jeung (2) standar kompetensi jeung kompetensi dasar. *Standar kompetensi* mangrupa gambaran umum kamampuh basa jeung sastra, anu nyoko kana opat kaparigelan, nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. *Kompetensi dasar* mangrupa pedaran ngeunaan kamampuh minimal anu kudu dicangking ku siswa waktu komunikasi lisan jeung tulis.

Standar kompetensi lulusan Taman Kanak-kanak (TK)/Raudhatul Athfal (RA) dalam berbahasa Sunda adalah sebagai berikut.

- (1) Mampu bermain dengan menggunakan bahasa Sunda.
- (2) Mampu mengenal dan mengucapkan kosa kata bahasa Sunda sederhana yang berkaitan dengan lingkungan kehidupan dirinya.

Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar TK/RA pikeun Kompetensi Basa jeung Sastra Sunda dibagi jadi dua kelompok.

Kelompok A

Standar Kompetensi	Kompetensi Dasar
0.1 Mampu menyimak, berbicara, memiliki kosa kata, dan mengenal simbol-simbol bahasa yang melambangkannya.	0.1.1 Menyimak dan membedakan bunyi suara, bunyi bahasa Sunda, dan mengucapkannya.
	0.1.2 Menyimak dan memahami kata dan kalimat sederhana.
	0.1.3 Berbicara tentang jati diri, pengalaman, dan menjawab pertanyaan sederhana.
	0.1.4 Memperkaya kosa kata sehari-hari yang berkaitan dengan nama-nama anggota tubuh.
	0.1.5 Mengenal bentuk-bentuk simbol-simbol sederhana (pramenulis).
	0.1.6 Menyebutkan gambar secara sederhana (pramembaca)
	0.1.7 Menghubungkan bahasa lisan dan bahasa tulis (pramembaca)
	0.1.8 Mengucapkan salam dan berperilaku sopan santun.
	0.1.9 Menyanyikan rumpaka lagu kawih.

Kelompok B

Standar Kompetensi	Kompetensi Dasar
0.2 Mampu menyimak, berbicara, memiliki kosa kata, dan mengenal simbol-simbol bahasa yang melambangkannya untuk persiapan membaca dan menulis.	0.2.1 Menyimak dan memahami kata dan kalimat sederhana serta mengucapkannya dengan lafal yang benar.
	0.2.2 Berbicara dengan lancar dan benar tentang jati diri, pengalaman, dan sesuatu hal.
	0.2.3 Memperkaya dan mengucapkan kosa kata sehari-hari yang berkaitan dengan lingkungan sekitar.
	0.2.4 Mengenal bentuk-bentuk simbol-simbol sederhana dan menuliskannya (pramenulis).
	0.2.5 Menyebutkan gambar dengan lengkap (pramembaca)
	0.2.6 Menghubungkan bahasa lisan dan bahasa tulis dengan membacakan kelompok kata dan kalimat sederhana (pramembaca)
	0.2.7 Berbahasa santun dan berperilaku ramah.
	0.2.8 Menyanyikan rumpaka lagu kawih Sunda dengan benar.
	0.2.9 Menampilkan sajak Sunda yang sederhana dengan gaya.
	0.2.10 Mengekspresikan cerita dan lagu dalam gerakan.

4. Kumaha Rarambu Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda?

a. Rarambu Umum Pangajaran

Pangajaran basa jeung sastra Sunda dumasar kana kompeténsi miboga rambu-rambu, di antarana, kieu.

- (1) Enas-enasna, diajar basa téh nya éta diajar komunikasi. Ku kituna, pangajaran basa Sunda dipuseurkeun kana kamampuh siswa dina komunikasi lisan--tulisan.
- (2) Pangajaran basa Sunda ditujukeun sangkan siswa weruh, mahér, jeung alus sikepna kana basa jeung sastra Sunda.
- (3) Kecap boga kalungguhan penting dina mekarkeun kognisi siswa. Kandaga kecap bisa ngabeungharan kekecapan siswa.
- (4) Pangajaran sastra Sunda ditujulkeun sangkan siswa mampuh ngaapprésiasi jeung ngaekpresikeun karya sastra, anu engkéna boga kaweruh sastra.
- (5) Kompetensi dasar dipuseurkeun kana kamaheran basa: maca, nulis, nyarita, jeung ngaregepkeun. Konsép basa jeung sastra dibaurkeun (diintegrasikeun) kana pangajaran kamaheran basa.

b. Kumaha Diajar Basa Sunda di TK/RA

Diajar basa dina Program TK/RA kaasup kana salasihiji tina opat “mekarkeun kamampuh dasar”, tilu kamampuh dasar liana nya eta mekarkeun kaweruh, mekarkeun fisik, jeung mekarkeun akademik. Mekarkeun basa teh ari kabehna mah ngurung opat aspek kamaheran, nya eta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis.

Kumaha mekarkeun sosial jeung emosional dina diajar basa Sunda di TK/RA? Rea cara anu bisa disorang? Sakurang-kurang kacatet aya dua puluh cara dina mekarkeun sosial jeung emosional diajar murid. Geura urang tengetan hiji-hijina.

- a. Ngagiring sasayagaan diajar murid
- b. Ngamangpaatkeun media audio-visual
- c. Ngayakeun praktek
- d. Midangkeun pangajaran kalawan keuna (proporsional)
- e. Guneman tur rasionalisasi
- f. Cacarita
- g. Ngupamakeun
- h. Antusiasme
- i. Gerak awak (kinesik)
- j. Sketsa jeung Gambar
- k. Argumentasi
- l. Ngahudang kreativitas mikir murid
- m. Dibalikan deui
- n. Pemetaan
- o. Wawancara
- p. Nguji kamampuh murid
- q. Ngarojong kreativitas murid
- r. Ngajawab leuwih ti samistina
- s. Ngajentrekeun deui jawaban murid
- t. Lagawa (sportif) dina ngajawab

c. Watek (Karakteristik) Pangatik

Aya sawatara watek anu kudu dipimilik ku hiji pangatik, di antarana bae:

- a. Miharep rido ti Gusti
- b. Jujur jeung amanah
- c. Ajeg kana ucap jeung lampah
- d. Adil tur teu ngabeda-beda (egaliter)
- e. Hade ahlakna
- f. Handap asor
- g. Wanian
- h. Nyiptakeun suasana duduluran
- i. Sabar tur wijaksana
- j. Hade tata hade basa
- k. Lagawa tur umaing (egosi)

c. Peran jeung Kawajiban Pangatik

Peran jeung kawajiban pangatik, di antarana bae:

- a. Ngipuk akidah anu kuat ka muridna
- b. Mere taushiyah
- c. Amis budi
- d. Wijaksana dina nepikeun hal-hal goring
- e. Ngucapkeun pangwilujeng (salam)
- f. Mere panghukuym kalawan wijk
- g. Ngahudang prestasi ku pujian atawa hadiah

7. Pamunah Wacana


Sakitu baé heula. Moal rék panjang-panjang, bilih kalah réa salah. Mugia katampi tur aya maunahna. Sing jadi jampé pamaké dina ngawulangkeun basa jeung sastra Sunda anu hade tur merenah. Cag, ah! (Pangancikan, 29052006).

Kumaha Kurikulum Standar Kompetensi téh?

3. Ka mana Loyogna Kompetensi Basa jeung Sastra Sunda?

Anu has tina KSK téh ayana istilah *kompetensi*. Ceuk dina basa Sunda mah, sarua jeung ‘kamampuh’. Eusina mangrupa kaweruh (kognitif), kamaheran (psikomotor), jeung ajen-inajen (afektif) dasar, anu diebrehkeun (direfleksikeun) kana kabiasaan mikir jeung milampah. Ari kabiasaan mikir jeung milampah kalawan ajeg (konsisten) tur sinambung (kontinyu) bisa ngawujudkeun siswa jadi mampuh (kompeten) pikeun milampah hiji hal.

Kompetensi basa jeung sastra Sunda nyoko kana kompetensi wacana, anu nurutkeun Celce-Murcia et al. (1995:10), ngalibetkeun rupa-rupa kompetensi paripolah (*actional competence*) anu ngawengku kompetensi polah ucap keur basa lisan jeung jeung kompetensi retorik keur basa tulis; kompetensi sosial budaya (*sociocultural competence*), kaasup kompetensi sastra, jeung kompetensi strategis (*strategic competence*). Baganna kieu.



- 1) Pelatihan Basa Sunda pikeun Guru TK/RA sa-Jawa Barat
- 2) Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI



6. Padika Pangajaran

Padika atawa métodologi pangajaran basa Sunda tumali jeung tilu perkara, nya éta pamarekan, métode, jeung téhnik pembelajaran.

- a) Pamarekan (pendekatan) anu dipaké *pamarekan kompetensi komunikatif*.
- b) Métode: langsung, latihan-pola, tata basa, maca, mim-mem, ékléktik
- c) Téknik: papancén, tanya jawab, ngaragakeun, diskusi, ceramah.

KELAS VII

7.1. Menyimak (*Ngaregepkeun*)

Standar Kompetensi: Mampu menyimak, memahami, dan menanggapi berbagai wacana percakapan, dongeng, dan *pupujian*.

Kompetensi Dasar	Indikator	Materi Pokok
7.1.2 Menyimak pembacaan dongeng.	<ul style="list-style-type: none"> • Dapat menyimak dengan sikap baik. • Dapat menyebutkan tokoh-tokoh cerita. • Dapat menyebutkan peristiwa-peristiwa cerita yang membentuk alur (<i>galur carita</i>). • Dapat menyebutkan atau menyimpulkan latar (<i>setting</i>) • Dapat menyimpulkan tema dongeng. • Dapat menanggapi berbagai aspek cerita (dongeng) dalam diskusi. 	Dongeng

7.2. Berbicara (*Nyarita*)

Standar Kompetensi: Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara lisan dalam bercerita tentang pengalaman, menyampaikan pengumuman, bertelepon, menyampaikan bahasan, menceritakan tokoh, dan bercakap-cakap dengan teman.

Kompetensi Dasar	Indikator	Materi Pokok
7.2.1 Menceritakan pengalaman.	<ul style="list-style-type: none"> • Dapat memilih topik yang paling penting atau paling menarik. • Dapat menyampaikan pembukaan dengan baik dan menarik. • Dapat menceritakan peristiwa-peristiwa pengalaman dalam rangkaian yang sistematis. • Dapat menggunakan bahasa atau kalimat-kalimat yang jelas dan santun. • Dapat bercerita dengan penampilan yang baik. • Dapat mengakhiri penceritaan dengan bagian penutup yang baik. • Dapat memperbaiki atau menyempurnakan penceritaan. 	Pengalaman

3. Membaca (*Maca*)

Standar Kompetensi: Mampu membaca, memahami, dan menanggapi bentuk atau jenis wacana

sejarah lokal/babad, wacana percakapan, wacana dongeng, dan *carita pondok*.


Kompetensi Dasar	Indikator	Materi Pokok
7.3.1 Membaca sejarah lokal/cerita babad.	<ul style="list-style-type: none"> Dapat memahami isi wacana atau cerita. Dapat memahami kedudukan dan peranan tokoh-tokoh. Dapat memahami hubungan kausalitas antarperistiwa kesejarahan. Dapat memahami pertautan antara tokoh, peristiwa dengan wilayah setempat. Dapat menyimpulkan isi teks (peristiwa sejarah). Dapat menanggapi berbagai aspek sejarah lokal/cerita babad. 	Sejarah lokal/babad

4. Menulis (*Nulis*)

Standar Kompetensi: Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara tertulis dalam bentuk menulis *sisindiran*, surat, esai, laporan, dan *guguritan*.

Kompetensi Dasar	Indikator	Materi Pokok
8.4.1 Menulis <i>sisindiran</i> .	<ul style="list-style-type: none"> Dapat menyimpulkan ciri-ciri bentuk dan isi <i>sisindiran</i>. Dapat menulis <i>sisindiran</i> sesuai dengan persyaratan bentuknya. Dapat menulis <i>sisindiran</i> sesuai dengan persyaratan isinya. Dapat menulis <i>sisindiran</i> dengan pilihan kata yang baik dan santun. Dapat menggunakan gaya bahasa yang sesuai bagi puisi <i>sisindiran</i>. 	<i>Sisindiran</i>

KOMPETENSI KOMUNIKATIF BASA



Interaksi Sosial

- 1) **Pelatihan Basa Sunda pikeun Guru TK/RA sa-Jawa Barat**
- 2) **Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI**